№3
2024

OZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASI
NOKIS FILIALI

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY - METODIKALÍQ JURNAL

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 3/2024**

# ART-PEDAGOGIKALIQ HÁM ART-TERAPEVTIKALIQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARINDA BASLANǴISH KLASS OQIWSHILARIN ESTETIK TÁRBIYALAW MODELI

**Abatbaeva U.**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filalı*

**Annotaciya:** Mektep oqıwshıların muzıka mádeniyatı hám súwretlew sabaqlarında estetik tárbiyalaw quramalı xarakterge iye, atap aytqanda, obrazlardıń sezimli ózlestiriliwi, yaǵnıy obiektler hám hádiyselerdi haqıyqatlıq hám kórkem óner dóretpelerin estetik aqıl etiw processinde kóp tájiriybe, kórkem ilajlarda qatnasıw, óz dóretiwshilik ónimlerin jaratıwdı talap etedi.

Bul túrdegi iskerlikti hár tárepleme basqıshpa-basqısh ózlestiriw baslanǵısh estetik bilimlerdi uzatıw, sezim-sezimli aqıl etiw hám estetik bahalaw qábiletlerin rawajlandırıw, sezimli tájiriybelerin toplaw, estetik qızıǵıwshılıqlar, baslanǵısh kónlikpeler hám estetik iskerlikti qáliplestiriw pedagogikalıq iskerlik arqalı támiyinlenedi.

**Gilt sózi:** Art-pedagogika, art-terapiya, konseptual, fundamental, izoterapiya, psixo-emotsional, psixosomatik, kommunikativ-refleksiv, metod, internet.

**Аннотация:** Воспитание запоминания школьников на уроках музыкальной культуры и изобразительного искусства имеет комплексный характер, в частности эмоциональное усвоение образов, то есть в процессе запоминания действительности и художественных очерков предметов и событий требуется большой опыт, участие в красивых выступлениях они сосредотачиваются на создании собственных творческих продуктов.Этот вид трудоспособности представляет собой поэтапное приобретение основных знаний о памяти, развитие навыков чувственного восприятия и оценки памяти, накопление сенсорного опыта, увлечений памяти, первичных навыков и работоспособности памяти. обеспечивается педагогическая работоспособность.

**Ключевые слова:** Арт-педагогика, арт-терапия, концептуальная, фундаментальная, изотерапия, психоэмоциональная, психосоматическая, коммуникативно-рефлексивная, метод, интернет.

**Annotation**: Education of schoolchildren's memorization in lessons of musical culture and fine arts is complex, in particular the emotional assimilation of images,that is, in the process of memorizing reality and artistic sketches of objects and events, a lot of experience is required; participation in beautiful performances, they focus on creating their own creative products.This type of work ability represents the gradual acquisition of basic knowledge about memory, the development of sensory perception and memory assessment skills, the accumulation of sensory experience, memory hobbies, primary skills and memory performance. pedagogical performance is ensured.

**Keywords:** Art-pedagogy, art-therapy, conceptual, fundamental, isotherapy, psychoemotional, psychosomatic, communicative-reflexive, method, internet

Házirgi kún pedagogikasında tez ózgerip baratırǵan zamanǵa tez maslasıwshı, social, kásiplik mashqalalardıń sheshimine dóretiwshilik jandasıwshı, kreativ metod hám qararlardı ámeliyatta qollay biliwshi dóretiwshi shaxstı qáliplestiriw aktual wazıypa bolıp esaplanadı. Pedagogikalıq hám kórkem potencialınıń tariyxıy hám zamanagóy tájiriybeleri analizin kórsetiwshi, art-pedagogika hám art-terapiyanıń pedagogika pániniń ǵárezsiz baǵdarı retinde qabıllawdıń obyektiv tariyxıy -materiallıq shárt-sharayatları bar ekenligin kórsetip atır hám ol den sawlıqtı saqlaw innovaciyalıq texnologiyaların kórkem ónerge tartıw arqalı tálim, tárbiya, rawajlandırıw, insandı sociallastırıw máselelerin sheshiwge qaratılǵan.

Art-pedagogikanıń metodikalıq támiynatı model tiykarında ámelge asırıladı hám ol jaǵdayda maqsetli (estetik tárbiyalanǵanlıq dárejesin asırıw, ulıwma hám kórkem mádeniyatqa tartıw, emocional ǵárezsizlik, dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw), mazmunlı (izertlewshi tárepinen predmetler mazmunınıń

saylanǵanlıǵın - súwretleytuǵın kórkem óner hám muzıka, DTS lerde, talaplarda, programmalar hám sabaqlıqlarda ańlatılıwı, art-pedagogikanıń usılları menen toltırılǵanlıǵı), diagnostik (kriteryalardıń islep shıǵılǵanlıǵı hám tiykarlanǵanlıǵı, oqıwshılardıń estetik rawajlanǵanlıq dárejesiniń anıqlanǵanlıǵı, art-pedagogikalıq hám art-terapevtikalıq metodlardıń estetik tárbiya processindegi pedagogikalıq kózqarastan maqsetke muwapıqlıǵı támiyinlengenligi), shólkemlestirilgen-texnologiyalıq (kórkem-estetik tárbiyanıń art-pedagogikalıq hám art-terapevtikalıq strategiya hám mexanizmleri, pedagogikalıq principleri), kórkem-iskerlikli (súwretleytuǵın hám muzıkalıq shınıǵıwlar, texnikler), nátiyjelik (izertlew nátiyjelerin bahalaw, processtiń jaqsı ketiwiniń pedagogikalıq shárt-shárayatlarınıń anıqlanǵanlıǵı - estetik kompleks sabaqlarında art-pedagogikalıq qurallardıń qosılıwı ) sıyaqlı bloklar sistemasın óz ishine aladı.

Baslanǵısh klass oqıwshıların estetik tárbiyalaw modeli kórkem sırtqı kórinislerdiń art-pedagogikalıq tásirinen nátiyjeliligi asqanlıǵın tastıyıqladı, bul oqıtıwshı hám oqıwshılar ortasındaǵı subyekt múnásibetlerge tiykarlanǵan hám maqsetli, informacion, diagnostik, shólkemlestirilgen, texnologiyalıq, dóretiwshilik-iskerlikli, nátiyjeli bloklardı esapqa alǵan halda jaratılǵan pedagogikalıq sistema bolıp tabıladı. Izertlew dawamında anıqlandı, baslanǵısh klass oqıwshılarınıń estetik rawajlanıwınıń natiyjeliligi kórkem óner túrleriniń tómendegi óz ara baylanısına baylanıslı:

baslanǵısh klass oqıwshılarınıń estetik tájiriybesin kórkem óner túrlerin ámeliy-sintetik aqıl qılıw arqalı sistemalastırıw;

súwretleytuǵın kórkem óner hám muzıkada kórkem obraz ekspressivligin túsiniwdiń birden-bir tiykarın jaratıw;

oqıtıwshınıń baslanǵısh klass oqıwshılarınıń estetik iskerligin haqıyqatlıqtı hár tárepleme pútin hám dóretiwshilikti sáwlelendiriw procesine qaratıw.

Ámeldegi art-terapevtik usıllar oqıtıwshılardıń bólek itibarına mútáj balalarǵa bólek jansdasıwdı tabıw imkaniyatın beredi. Bul usıllarǵa awırıwlı keshirmelerden shalǵıtıw usılları kiredi; oqıwshı menen baylanıstı ańsatlastırıw

usılları ; jabıq formada social -emocional múnásábetlerdi qáliplestiriwge, óz-ózin ańǵarıwǵa, ózin járiyalawǵa hám ózin-ózi dóretiwshilik ańǵarıwǵa alıp keletuǵın usıllar. Joqarıdaǵılardan juwmaq qılsaq, súwretleytuǵın kórkem óner sabaqlarında tek ǵana oqıw, bálki diagnostika, rawajlanıw, reabilitaciya hám ońlaw wazıypaların da orınlaw múmkin degen juwmaqqa keliwimiz múmkin. Súwretleytuǵın iskerlik processinde kórkem obraz benen óz ara baylanıs oqıwshılardı allegoriya hám metafora tilinen paydalanǵan halda óz qıyallarına, ishki tájiriybelerine hám etikalıq qádiriyatlarǵa shaqırıwǵa jollaydı. Bul jumıs ámeliyattı tek ǵana súwretleytuǵın, dóretiwshilik nátiyjelerge erisiwge, bálki oqıwshılar turpayınıń adamgershilikli jóneltirilgen modellerin islep shıǵıwǵa qaratılǵan. Oqıwshılar (ásirese, den sawlıǵın yamasa sezimli máseleleri bolǵanlar ) unamsız sezimlerdi social tárepten maqul túsetuǵın sheshimin tabıw múmkinshiligine iyelewdi (súwretler, músinshilik ústinde islew - bul sezimli stresti jeńillestiriwdiń qawipsiz usılı). Art-pedagogikalıq qollap-quwatlawdıń stilistik támiynatı maqsetli, mazmunlı, diagnostik, shólkemlestirilgen-texnologiyalıq, dóretiwshilik-iskerlikli islep shıǵarıw blokların óz ishine alǵan model tiykarında ámelge asıriladı. Model art-pedagogikalıq qurallar hám iskerlik formaların muzıka hám súwretleytuǵın kórkem óner sabaqlarınıń mazmunına, keń mániste estetik tárbiyalaw procesine kirgiziw mániste sáwlelendiredi. Bul model, sonıń menen birge, tómendegi komponent (strukturalıq bólimler) dıń bar ekenligin de ańlatadı : art-pedagogikalıq maqsetke muwapıqlıq, art-pedagogikalıq iskerlikke kirisiw, artpedagogik dóretiwshilik, artpedagogik analiz, art-pedagogikalıq izertlewler.

Art-pedagogikalıq qollap-quwatlaw sistemasındaǵı proektlestiriwdiń tiykarǵı birlikleri art-pedagogikalıq sabaq hám artpedagogik jaǵday bolıp tabıladı.

Maqset - málim bir rawajlanıp atırǵan oqıw programmasına balalardıń málim bir toparınıń psixik qásiyetleri, mútajlikleri, máplerine maqul túsetuǵın muwapıqlıǵın támiyinlew hám estetik tárbiyalanǵanlıq dárejesin asırıw bolıp tabıladı.

Mazmunı - DTS talaplarına, oqıw jobaları, programmalarınıń mazmunına tiykarlanǵan. Diagnostika - art-pedagogikalıq texnologiyalar nátiyjelerin ólshew ushın úsh basqıshlı sistema:

estetik tárbiyalanǵanlıqtıń ulıwma dárejesi kriteryaları - kognitiv, qádiriyatqa jóneltirilgen, dóretiwshilik-háreketli;

súwretleytuǵın obrazlardı aqıl etiw hám jaratıw dárejesi kriteryaları - súwretleytuǵın ilmiy tájriybeler,sezimli- qádiriyatlı múnásábet, kórkem oyda sáwlelendiriw, dóretiwshilik jantasıw;

muzıkalıq -estetik rawajlanıw kriteryaları - muzıkanı aqıl etiw, kreativ qábilet, muzıkalıq -dóretiwshilik iskerlik aktivligi, óz dóretiwshiliginiń ónimlerin jaratıw bolıp tabıladı. Shólkemlestirilgen texnologiyalıq - art-pedagogikalıq hám art-terapiya texnologiyaların tańlap alıw hám sınaqtan ótkeriw tiykarında balalardıń psixologiyalıq hám dóretiwshilik rawajlanıw mexanizmlerin anıqlaw, art-pedagogikalıq jaǵdaylardı jaratıw, oqıwshılardı túrli kórkem-dóretiwshilik iskerlik túrlerine tartıw, introspekciya sharayatların jaratıw, art-pedagogikalıq shınıǵıwlardı shólkemlestiriw hám ótkeriw, ózin kórinetuǵın qılıw, qolay psixologiyalıq hám sezim ortalıq. Dóretiwshilik - iskerlikli oqıwshılardıń bir-biri hám oqıtıwshı menen óz-ózin ańlatıwı, dóretiwshilik baylanısı ushın eń qolay shárt-shárayatlardı jaratıw bolıp tabıladı. Psixoterapevtik (artterapiya) hám rawajlandıratuǵın - dóretiwshilik texnologiyalar kompleksinen paydalanıw, kórkem óner hám kórkem iskerlik túrleriniń óz-ara baylanıslılıǵı principin ámelge asırıw : súwret muzıka - muzıka atqarıw etiwshi - ádebiyat (oqıw ), kompoziciya, improvizaciya, kórkem óner dóretpelerin bahalaw, óz dóretiwshilik ónimin jaratıw. Nátiyjeli eksperimental jumıstıń ajıralmaytuǵın nátiyjesin bahalaw - oqıw nátiyjesi (akademikalıq kórsetkish) - kreativlikti rawajlandırıw - qolay psixologiyalıq jaǵday óz-ózin húrmet qılıw - estetik tárbiyalanǵanlıq. Ol eksperimentniń dáslepki basqıshında qollanılǵan kriteryalarǵa muwapıq ámelge asırıladı, keyininen salıstırıw analiz etiledi. Art-terapiya hám art-pedagogikalıq modellerdi turmısta qollanıw jetekshi principi házirgi kúnde balalardan kelip shıǵıp ámel etken halda

qánigeni tartatuǵın individual art-terapiyaǵa salıstırǵanda keń qollanılatuǵın jantasıw bolıp tabıladı. Usınıń menen birge, art-terapevtnıń wazıypaları balanıń islewi ushın psixologiyalıq tárepten qawipsiz hám qolay shárt-shárayatlardı jaratıw hám kerek bolǵanda (balalar tınıshsızlıqqa dus kelip yamasa hújimdi kórsetkende), jumsaq dúzilisi hám dóretiwshilik iskerligin shólkemlestiriw bolıp tabıladı.

Sol kóz-qarastan, tálim sistemasına sın kóz-qarastan jantasıwshı Karen Gallasnnıń pikiri júdá zárúrli bolıp tabıladı, ol professional izertlewler nátiyjeleri tiykarında qurılǵan, kúndelik ámeliyattan uzaq bolǵan, klasstıń obrazın sızadı, ol jaǵdayda oqıtıwshı hám oqıwshılar oqıw procesin jetilistiriw, maǵlıwmat toplaw hám anıqlama beriw ushın izleniw talap etiledi.

| **Maqsetke tiyisli strukturalıq bólim** | | |
|---|---|---|
| Social buyırtpa – Ózbekstan Respublikası Prezidenti Pármanı «Fizikalıq saw, ruwxıy hám intellektuallıq bárkámal jaslardı tárbiyalaw, olarǵa tálim beriw dizimin sapa tárepten jańa basqıshqa kóteriw ilajları tuwrısında», «Ózbekstan Respublikasında mádeniyat hám kórkem óner salasınıń innnovaciyalıq rawajlandırıw ilajları haqqında». Oqıwshılardı estetik tárbiyalaw mashqalasınıń mámleket dárejesindegi mánisi, onıń jámiyettiń social buyırtpası, yaǵnıy keleshek áwladlardı jáhán hám milliy kórkem mádeniyat qádiriyatlarǵa qosıw kerekligi menen anıqlama beriledi. | | |
| **Maqsetleri** | | |
| Innovaciya lıq model | Estetik tárbiya | Art-pedagogika hám art-terapiya |
| Baslanǵısh klaslarda kórkem-estetik gruppa sabaqlarınd | Baslanǵısh klass oqıwshılarınıń estetik iskerligin qáliplestiriw – kórkem óner járdeminde balanıń ishki dúnyasına mektepte oqıw processinde gumanitar-estetik gruppa pánlerin oqıtıwda, sabaq | Kórkem ónerdiń subiektke terapevtikalıq hám korrekcion tásiri kórkem-dóretiwshilik iskerligi arqalı ámelge asırıladı. |

| | | |
|---|---|---|
| a art-pedagogik texnologiyalardı pedagogikalıq sistemasın qollawdıń innovaciyalıq modeli | processinde ámelge asırıladı. | |

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:


1.Анисимов В.П. Арт-педагогика как система психологического сопровождения образователъного процесса // Вестник ОГУ. №4 (2003).-146 с.
2.Брусиловский Л.С. Музикотерапия. Руководство по психотерапии; под ред. проф. В.Е.Рожнова. –Ташкент: Медицина, 1979. – С. 256 – 274.
3.Бурно М.Е. Терапия творческим самовиражением. Монография. М.Е.Бурно. – М.: Медицина, 1999. – 364 с.
4.Булатова О.С. Артпедагогический подход в образовании. Монография. – Тюменъ: Изд-во ТГУ, 2004. – 230 с.
5. Waller D., Mahony J. Introduction // Treatment of Addiction. Current Issues for Arts Therapies / Ed. by D. Waller and J. Mahony. London: Routledge, 1999.
6.Abatbayeva U. INITIAL LEVEL OF STUDENTS'MUSICAL CREATIVITY DEVELOPMENT //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 323-326.
7.Abatbayeva, Ulbosin. "INITIAL LEVEL OF STUDENTS'MUSICAL CREATIVITY DEVELOPMENT." Modern Science and Research 2.10 (2023): 323-326.
8. Kutlimuratovich A. B. THE USE OF KODALY METHOD IN TEACHING MUSIC //International Journal of Pedagogics. – 2024. – Т. 4. – №. 02. – С. 63-67.

**MAZMUNÍ**

**MUZÍKATANÍW**


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Allanbaev R.O.** QOSÍQSHÍLÍQTÍŃ BÚGINGI KÚNDEGI ÁHMIYETI……………………………………………………………. | 3 |
| 2 | **Kulchigayeva M.** QORAQALPOQ XALQ QO‘SHIQLARINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI HAQIDA ……………….................... | 10 |
| 3 | **Charshemov J., Muratbaeva R.** JAŃA RUXTAǴÍ XALÍQ QOSÍQLARÍ………………………………………………………… | 16 |
| 4 | **Charshemov J.** XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI | 22 |
| 5 | **Abatbaeva R.** QORAQALPOQ MUSIQA SAN'ATIDA SYUITA JANRINING RIVOJI……………………………………………………… | 28 |
| 6 | **Rasbergenova X.S.** MUSIQANING INSON SALOMATLIGIDAGI O‘RNI VA AHAMIYATI………………………………………………. | 38 |
| 7 | **Abdisultanov J.** QARAQALPAQ MUZÍKASÍNDAǴÍ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLER (QARAQALPAQ MUZÍKALÍ DRAMALARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ)…………………………. | 43 |
| 8 | **Charshemov J., Orazalieva G.** BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ............................................................................... | 49 |
| 9 | **Zuxurov M.** VIOLONCHEL SAZ ASBABINIŃ KELIP SHIǴIWI, ORKESTR HÁM KAMER ANSAMBLLERINDE TUTQAN ORNI….. | 54 |
| 10 | **Uzoqov D.S.** UYG‘UR MUSIQALI TEATRINING MARKAZIY OSIYODA PAYDO BO‘LISHI………………………………………… | 59 |


**KÓRKEM ÓNER**


| | | |
|---|---|---|
| 11 | **Mamutov P.A.** KOMPOZITOR HIKMAT RAJABOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI HAQQÍNDA...……………………………… | 65 |
| 12 | **Abdikarimova I.** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ……………………………… | 71 |
| 13 | **Sobirjonov A.** O‘ZBEK OPERA XONANDALIGIGA VA MILLIY QO‘SHIQCHILIGIGA ERGASH YO‘LDOSHEVNING QO‘SHGAN HISSASI..............................…………………………………… | 76 |
| 14 | **Saidxonov A.S.** XX ASR YANGI VENA MAKTABI IJODKORLARI TARIXNING YANGICHA KO‘RINISHI………………………….. | 80 |
| 15 | **Dauletbaev T.Q.** QORAQALPOQ BAXSHICHILIK SAN’ATINING RIVOJIDA G‘AYRATDIN UTEMURATOVNING MEHNATLARI…. | 90 |
| 16 | **Matimuratov S.** QARAQALPAQ KÓRKEM ÓNERINDE XOSH HAWAZ BÚLBÚL TAMARA DOSHUMOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ… | 95 |
| 17 | **Ońgarbaeva L.** CHANG SAZ ÁSBABÍNÍŃ TARIYXÍ HÁM USTAZ ATQARÍWSHÍLARÍ…………………………………………..……. | 100 |
| 18 | **Sharipov A.Sh.** XONANDALIKDA IJROCHILIK TAMOYIL VA ME‘ZONLARI…………………………………………………… | 106 |

**MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ**

| | | |
|---|---|---|
| 19 | **Rajabov X.J.** QASHQAR RUBABI BASLANǴISH SABAQ BARISINDAǴI TÁLIM MASHQALALARI TIYKARINDA..………. | 110 |
| 20 | **Abatbaeva U.A.** ART-PEDAGOGIKALIQ HÁM ART-TERAPEVTIKALIQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARINDA BASLANǴISH KLASS OQIWSHILARIN ESTETIK TÁRBIYALAW MODELI………………………………………………………… | 118 |
| 21 | **Jumaniyazov O‘.** O‘QUVCHILARGA XALQ CHOLG‘ULARINI O‘RGATISHDA SHARQ ALLOMALARI MUSIQIY RISOLALARINING AHAMIYATI………............................................ | 125 |
| 22 | **Любимцева В.С.** ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ – ВАЖНОЕ УСЛОВИЕ ДЛЯ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО МАСТЕРСТВА ПРЕПОДАВАТЕЛЯ……………………………….... | 131 |
| 23 | **Matjanova M.** OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIK TÁRBIYALAWDA ÁMELIY QOLLANIW METODLARÍ, FORMA HÁM QURALLARI... | 136 |
| 24 | **Jumabaev A.** NOTA OQIW TÁJIRIYBESINDE ATQARIWSHILIQ KÓNLIKPELERIN ÓZLESTIRIW HÁM QÁLIPLESTIRIW……….. | 143 |
| 25 | **Раджабова Н.** АКТИВИЗАЦИЯ ТВОРЧЕСКИХ НАВЫКОВ С ИСПОЛЬЗОВАНИЕМ ИНТОНАЦИОННЫХ ОСОБЕННОСТЕЙ МЕЛОДИИ В МЕТОДИКЕ ПРЕПОДАВАНИЯ СОЛЬФЕДЖИО…. | 149 |
| 26 | **Mutalov D.A**. YOSHLARNING MA’NAVIY SHAKLLANISHIDA MUSIQANING O‘RNI……………………………………………… | 154 |

**JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER**

| | | |
|---|---|---|
| 27 | **Palımbetov K.S.** QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR FOLKLORÍNÍŃ ÚYRENILIW MÁSELESI……………………………………..……… | 160 |
| 28 | **Bekbergenova Z.** 1990-2000-JÍLLARDAǴÍ QARAQALPA AMATURGIYASÍ HAQQÍNDA | 168 |
| 29 | **Marziyayev J.K.** EKOLOGIK MADANIYAT VA UNI SHAKLLANTIRISH: EKOLOGIK MUAMMONI OLDINI OLISHNING BIR USULI SIFATIDA……………………………. | 176 |
| 30 | **Sadenova G.P.** KÓRKEM SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI HÁM USÍLLARÍ……………. | 181 |